Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод»

sadovoduns@yandex.ru

№ 19 (7211) 13 Май Рузман 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ



## Районалда - Бергьенлъиялъул праздник



**Праздникалъул къоязда цебе Шамильхъала поселокалъул аслияб майданалда тIобитIана Бергьенлъиялъул къоялда хурхараб митинг – парад. ВатIан хвасар гьабиялъе гIоло жидерго гIумро къурал ракIалде щвезаризе гьенире ракIарун рукIана тылалъул ветеранал, районалъул учреждениял-организациязул хIалтIухъаби, гIолилал, гьитIичал.**

Тадбиралъул байбихьуда «Унсоколо район» МОялъул бетIер П. НурмухIамадовас къваталъулал органазул ва учреждениял организациязул нухмалъулезгун цадахъ тIугьдул лъуна КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе гьабураб памятникалда цебе. Праздникалъулаб парадалде Бергьенлъиялъул Байрахъ босун бачIана Тайский бокса лъул рахъалъ Европаялъул чемпион ИсмагIил Кадыровас. Пачалихъияб Байрахъ босун бачIана «Полей танца» республикаялъул фестивалалда бергьарав, ТIолгороссиялъул лъималазул хореографическияб коллективазул конкурсалда гран-приялъе мустахIикълъарав МухIамад Пусмановас.

Праздникалъулаб парад бачунев XI. МухIамадовас бихьизабуна нилъер кIудиял эменал ункъго соналдаса цIикIкIараб заманаялъ къеркьанин фашизмалдаса нилъер ВатIан




эркен гьабиялъе. «Ахириял залпал рагъул лъугIаралдаса ана 7I сон. Нилъ чIухIула нилъер халкъалдаса, бергьенлъи щвезегIан рагъарал. Нилъеда щибниги кIочон гьечIо, щивниги кIочон гьечIо. Даимго ракIазулъ чIаго рукIина бахIарзал!»,- ян абуна гьес ахиралда.

Районалъул бетIер П. НурмухIамадовас жиндирго кIалъаялда бихьизабуна нилъер районалда гIицIго цо рагъул гIахьалчи чIаго хутIун вугин жакъа къоялде,-абун. – Бергьенлъиялъул къоялъул праздник нилъер щивасе хирияб буго, гьеб къварилъи щивасда хъатIун букIиндал ва щибаб рокъобе гьелъ захIматал къварилъаби рачIун рукIиндал. Бергьенлъи нилъее ба хъаразе ракI-ракIалъ налъулал руго нилъ. Кидаго кIоченаро рагъул ва тылалъул гIахьалчагIи!

Районалъул гIадамазде баркиялъул кагъат битIун бачIана РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповасги.

Праздникалъулаб митингалда кIалъана районалъул рагъулав комиссар Ш. МухIамадов ва цогидалги. Рохалилаб митинг лъугIана праздникалъулаб салюталдалъун. Хадуб цере рахьана районалъул культураялъул махщелчагIи.

## Аппараталъулаб совещание



Араб анкьалда райадминистрациялда районалъул бетIер П. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь букIана аппараталъулаб совещание. Гьенир рорхана неформалияб занятосталъул, ракьазул участкаби тIад хъваялъул, республикаялда ящуралъул эпидемия тIибитIун букIиналъул, культуриял тадбирал тIоритIиялъул ва цогидалги суалал.

Байбихьуда П. НурмухIамадовас киназдаго баркана араб КIудияб Бергьенлъиялъул праздник, гьелъул кIваралъул бицана: «Унсоколо районалъ рагъде витIана I344 чи, гьезул 93I тIад руссинчIо. «Бесмертный полк» акциялда гIахьаллъизе районалдаса республикаялде ана лъималазулгун гIолилазул туризмалъул станциялъул ва ЦIатIанихъа вакилзаби.

Данделъиялда бицана районалъул спортивияб гIумроялъул. «Сабля Шамиля» цIидасан тIобитIиялдеги кIвар къуна гьениб.

Гьединго тIадчIей гьабуна республикаялда ящур тIибитIун букIиналда, гьелда данде хIалтIи гьабизе ахIана. ХъатIана «Ветхое жилье» суалалда. Дие бокьун буго гьеб суалалда хурхун жавабиял гIадамаз гьабулеб ишалде кIвар буссинабизе, бицана хIалтIулал хаслъабазул, участкабазе, рарал бакIазе «зеленка» гьабиялъул, ралел бакIазул архитектуриял рахъал хвезе течIого хIалтIи гьабиялъул суалазде кIвар къуна.

Совещаниялда жавабизе тIадкъаялги къуна.

Росабазе, поселоказе - цIилъи

## Шамильхъала берцинлъулеб буго



Ахираб заманалда берцинлъун, камиллъун, бихьизе бокьуледухъ лъугьун буго Шамильхъала поселок. Районалъ 80 сон тIубаялде хIадурлъулаго кибего квер щвезабуна гьениб. ЦIикIкIараб хIалтIи гьабулеб буго поселокалда МУП-ПЖКХялъ. КIиго участка буго гьелъул. Аслияблъун кколеб тIоцебеселъул масъала ккола поселокалда рацIа-ракъалъи ва низам чIезаби. Участкаялъе бажарун нухмалъи гьабулеб буго бажари бугей хIалтIухъан Суайбат ХIамзатовалъ. КIиабилеб участкаялде тIаде ккола лъим бацIцIад гьабулеб сооружениялъул хIалтIи.

ТIоцебесеб участкаялъ жанире рачуна 11 къватIал рацIцIад гьарулел, 2 сантехник, 1 сварщик, 1 водитель, 1 ассанизатор. Майданскиялдаса эксковаторги бачун чанго нухалъ гьаруна субботникал. Гьенир гIахьаллъана районалъул администрациялъул ва поселокалъул учреждениял-организациязул хIалтIухъаби. Хасго поселок гIурччин гьабиялде кIвар буссинабун букIана субботниказда. Гьединго домазда сверухъ ругел бакIал ралел бакIазул хутIелаздаса, гIала-гъважаялдаса рацIцIад гьаруна, лажбар бахана заборазда, хъахIалъ рахана гьутIбузул рохталаби, киса-кибего центр гIурччин гьабиялъе чIана нахил, накIкIил гьутIби, рекIинегIан тIад квер лъуна гьезда. Кидагосеб хъаравуллъиялда гьоркь букIуна гIала-гъважа балел бакIалги.

ПуцIарухъанлъиялъулаб хIалтIуе цIикIкIараб бажари буго жийго Суайбат ХIамзатовалъул. Жийго ун киса-кибего ахIвалхIалги лъазабун байбихьула гьелъ хIисабалде росарал хIалтIаби гьаризе ва хIалтIухъабазул коллективалъул щивав чияс гьел тIуразарула ракI бацIадго.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 19 (7211)*
*13 Май 2016 сон*



***Щивниги кIочон гьечIо, щибниги кIочон гьечIо***
***Бергьенлъигун руссарал, керен гуллие кьурал.***
***Щивниги кIочон гьечIо, щибниги кIочон гьечIо***
***Рагъда хабар къотIарал, асирлъуда кIвекIарал!***

# Унсоколо -субботник

Дагьал церегIан къоязда Унсоколо росдал № 2 школалъ ва росдал коммуналияб магIишаталъул управлениялъ тIобитIана сверухъ бугеб тIабигIат цIуниялъул ва бацIцIад гьабиялъул мурадалда субботник. Гьелда кинавниги гIахьаллъана 300-350 гIанисев цIалдохъан ва учреждениял-организациязул хIалтIухъаби.

Нилъеца гIумро гьабулеб бакIалда сверухъ гIадамазул гIумроялъе хIинкъи бугел гIемерал заралиял ва таксичниял веществабаз гьава чорок гьабиялъул хIужаби кколел руго. ЛъугIулеб буго гIадатияб энергетикаялъул сырьеялъул запасал, тIагIунел руго хурдузул рухIчIаголъабазул баланс. Гьелъул х1асилалда ахирияб щуго соналда жаниб цIикIкIунеб буго бронхиалияб асма, бронхит, хроническияб отит унтаби ругезул къадар.

Жиб-жиб классалъе рихьизарурал, ай хадур рухьинарурал участкабазда хIалтIана цIалдохъаби, цадахъ субботникалда гIахьаллъи гьабуна учительзабаз. Гьединго цIикIкIараб хIалтIи гьабуна росдал коммуналияб магIишаталъги. Гьез кинабниги гьеб къоялъ лъабго машина мусоралъул баччана. Амма жеги хIалуцараб ахIвал-хIал хутIулеб буго Унсоколо росулъ лъедалъун хьезабиялъул ва канализациялъул хIалтIи бецциледухъ гьечIолъиялъул хIасилалда.

Экологиялъул хIинкъиялдаса цIуниялъул къоязда районалъул киналго росабазул гIадамазеги чара гьечIого хIажат буго



нилъедаго сверухъ бугеб тIабигIат, экология цIунизе, гьеб чорок гьабулезда, тIабигIат хвезабулезда данде къеркьей гьабизе.



**ХIажимурад ГIАЛИЕВ. БМРКЭялъул инспектор.**

# «Бесмертный полк» акциялда



9 маялда республикаялда букIараб «Бесмертный полк» акциялда гIахьаллъана нилъер СЮТалъулал. Кинавниги гьеб акциялда гIахьаллъана 30 азарго чи.

КIудияб Бергьенлъиялъ - 71 сон

# Кидаго кIоченаро рагъул кьогIлъи



**Рагъул кьогIлъи киданиги кIочонаро. Огь, рагъул кьогIлъи... Гьеб къокъаб рагIул бугеб гъваридаб магIна... Гьелъулъ бугебщинаб къварилъи, пашманлъи, магIу, унти, хвел... Исана КIудияб ВатIанияб Рагъда нилъер ВатIаналъ Бергьенлъи босаралдаса нахъе тIубана 7I сон. РакIалдаго гьечIого, рагъ бачIана нилъер кIудияб улкаялъул щибаб мухъалде, щибаб рокъобе. Лъималлъун рукIараздаги сон букIараб гIадин ракIалда руго рагъул сонал. I94I соналда рагъ байбихьанилан лъазабидал, Унсоколо росулъа ветеран ГIадуев Ибрагьимил букIун буго I4 сон. Гьев вукIун вуго росдал клубалда.** «Рагъ байбихьанилан лъазабидал, дун цIакъ пашманлъана... Рокъовеги ун, эбелалда бицана, гьейги кутакалда къварилъана, - ян бицана Ибрагьимица. – I939 соналъул июналда дир кIудияв вац ун вукIана армиялде Ленинградалде. Гьеб пашманаб хабар рагIидал, вац вачIана дир рекIелъе... I940-I94I соназдаги гьев вукIана хъулухъалда Ленинградалда. Хадуб Финляндиягун рагъ байбихьидал, I94I соналда нижехъе бачIана кагъат, гьев тIагIанилан хъвараб. Амма гьеб хабар мекъи батана. КIиго сонидасан, I943 соналъул марталда Эстониялдасан гьес жинцаго хъвараб кагъат бачIана нижехъе. Гьеб мехалдаса нахъе тIокIаб гьесдасан хабар бачIинчIо».

Росулъги дол соназда букIун буго цIакъ захIматаб заман. ГIемерал улбузухъе рагъдаса рачIун руго къварилъиялъул кагътал. Хварал, чIварал, тIагIарал, гIагарал камурал хъизанал къанагIатги рукIун ратиларо. «Нижехъеги щвараб гьединаб кагътил асаралъул кьогIлъи киданиги кIочонаро. ЖамагIат гIезегIан къварилъун букIана. Киналго хIалтIулел рукIана колхозазда, фронталде квен ва хинаб ретIел битIизе кIвараб жо гьабулаан», - ян бицунеб буго ветеранас. Микьабилеб классалъул цIалдохъан живго вукIаниги, Ибрагьим хIалтIизе ккун вуго байбихьул классазул мугIалимлъун. Гьединги хисизабулелъул рагъуца гIадамазул къисмат... Жалго лъимал ругониги, лъималазе дарс кьезе ккун буго. I943 соналда гьев хIалтIизе ккун вуго телефонистлъунги ва росулъ букIараб военнияб отрядалъе кIвараб хъулухъ гьабун буго. Рагъ лъугIун хадув ГIадуев Ибрагьим ун вуго Буйнакскиялъул педагогикияб училищеялда цIализе ва хадусел соназда хIалтIун вуго мугIалимлъун. I949 соналдаса нахъе I952 соналде щвезегIан гьес тIубазабун буго военниял хъулухъалги Москваялъул мухъалда. Отставкаялда вугев майор, К1удияб ВатIанияб Ра гъул ветеран, ГIадуев Ибрагьим ккола жакъа росдал хIурматиял харабазул цояв, киназдаго лъалев лъикIав, гIакъилав, хIалтIизе лъалев ва бокьулев чи, талихIав эмен, кIудаэмен. Гьесул лъималазул лъималазулги руго лъимал ва гьел киналго гьесие кутакалда рокьула. Жакъасеб заманалъул бицунаго, ветеранас абулеб буго жакъа сунданиги гIадамаз гIайиб чIвай кIудияб гъалатI бугилан. «Доб заманалда данде ккуни, жакъасеб гIелалъул буго кьер-кьераб квенги, ретIине бокьараб ретIелги. Дагьаб захIмат буго гIолилазе лъай бугониги хIалтIи балагьизе, амма аслияб жо гьеб гуро – аслияб жо буго нужер гIелалда рагъул кьогIлъи бихьунгутIи», - ян абуна гьес

**А. МУХIАМАДОВА**

# Ветереналъухъ гьоболлъухъ



ЦIикIкIарал захIмалъаби росун рачIана нилъее КIудияб ВатIанияб рагъуца. Нилъ киналго чIухIула ВатIаналде къо ккедал гьеб цIунизе жидерго гIумроялда барахщичIого рахъараздаса, кIудияб адаб-хIурматалда ракIалде щвезарула тылалда хIалтIарал ва нилъее гьеб киналго захIмалъабазул бицине нахъе ругел хIурматиял хераздаса.

Бергьенлъи босаралдаса 7I сон тIубаялъул рагъдухъ районалъул культураялъул отделалъул ва цогояб информациялъул отделалъул хIалтIухъаби гьоболлъухъе щвана ГIашилтIа росулъа ветеран ХIайбулаева Нуцалай ХIайбулаевналъухъе.

ГIумроялъул 90 ялдаса цIикIкIарал сонал ругониги Нуцалай гьабсагIаталдаги йиго лъикIаб сахлъиялда ва кIудияб рохалида къабул гьаруна гьелъ тIаде рачIарал гьалбал. Йохун, чIухIун бицана гьелъ жиндирго лъималазул лъималазул ва гьезулги лъималазул.

БитIахъего гIумро тIегьалеб гIужалда байбихьана Нуцалалъе КIудияб БатIанияб рагъ. Жиндирго тIолабго гIумро гьелъ кьуна гIагараб ватIаналъе гIоло хIалтIулаго. «Дида лъикI ракIалда буго рагъул заманалда нижеда букIараб захIмалъи. ТIубараб къоялъго хIалтIизе кколаан. РакIалда буго киналго нижее кьолаан цо гъуд цIоросаролъил ханждал.

Нуцалай рази гьечIоан жакъасеб гIолеб гIелалдаса. Жакъа гIолилал руго берталъ гIадин, къимат гьабулеб гьечIо жакъасеб гьарзалъиялъул. Дир бадиб магIу хулула гIодобе рехараб чадил кесек бихьарабго ва ракIалде щола дол захIматал сонал,- ян абуна гьелъ.

Нуцалалъ рекIелъ чIухIигун бихьана тIаде рачIаразда жиндиего Россиялъул Президент В. Путиница рачIарал баркиялъул ва баркалаялъул кагътал.

Гьалбал нухда регIулаго гIемераб гьари-рахьи гьабуна ветераналъ киназего, гьарана жакъасеб гIелалда киданиги рагъ ва рагъул кьогIлъи бихьугеги,-ян.

***С каждым годом в нашей стране остается все меньше ветеранов Великой Отечественной войны. И очень важно сохранить память о тех страшных военных годах в истории и передать ее подрастающему поколению.***



# ИСПОЛНЕНИЕ
# консолидированного бюджета МО «Унцукульский район» за 1 квартал 2016 года

***(рублях)***

| **Наименование показателя Вед Рз ПР ЦС РВ ЭКР** | | План | Поступило | Перечислено | отклонение | % исп. | остаток на конец |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **I. ВСЕГО ДОХОДОВ 2016 года:** | | 607 312 088,00 | 167 760 264,43 | 145 262 243,68 | -439 551823,57 | 27,6% | 22 498 020,75 |
| 1. НАЛОГОВЫЕ И НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ: | 000 1 00 00000 00 0000 000 | 73 548 000 | 15 100 732,43 | 10 826 550,68 | -58 447 267,57 | 20,5% | 4 274 181,75 |
| - муниципального района | | 66 714 000 | 14 674 608,76 | 10 528 123,00 | -52 039 391,24 | 22,0% | 4 146 485,76 |
| - поселений | | 6 834 000 | 426 123,67 | 298 427,68 | -6 407 876,33 | 6,2% | 127 695,99 |
| 2. БЕЗВОЗМ. ПОСТУПЛЕНИЯ: | 000 2 00 00000 00 0000 000 | 533 764 088 | 152 659 532 | 134 435 693 | -381 104 556 | 28,6% | 18 223 839 |
| - дотации | 000 2 02 01000 00 0000 151 | 96 646 000 | 24 162 000 | 23 607 068 | -72 484 000 | 25,0% | 554 932 |
| - субсидии | 000 2 02 02000 00 0000 151 | 15 249 200 | 2 795 486 | 2 271 216 | -12 453 714 | 18,3% | 524 270 |
| - субвенции | 000 2 02 03000 00 0000 151 | 421 868 888 | 125 702 046 | 108 557 409 | -296 166 842 | 29,8% | 17 144 637 |
| - иные межбюджетные трансферты | 000 2 02 04000 00 0000 151 | | | | 0 | | 0 |
| **II.ИСТОЧНИКИ ФИНАНСИРОВАНИЯ ДЕФИЦИТА БЮДЖЕТА (Остаток на конец 2015 года)** | | 13 530 139,53 | 13 530 139,53 | 13 523 828,28 | 0,00 | 100% | 6 311,25 |
| а) переходящий остаток района (с/доходы) | | 13 195 775,67 | 13 195 775,67 | 13 195 775,67 | 0,00 | 100% | 0,0 |
| в) переходящий остаток поселений (с/доходы) | | 334 363,86 | 334 363,86 | 328 052,61 | 0,00 | 100% | 6 311,3 |
| **ВСЕГО ДОХОДЫ (I+II)** | | 620 842 227,53 | 181 290 403,96 | 158 786 071,96 | -439 551 823,57 | 29,2% | 22 504 332,0 |
| I. РАСХОДЫ 2016 года: | | 607 312 088,00 | 145 095 812,97 | 136 455 175,52 | -462 216 275,03 | 23,9% | 8 808 811,45 |
| 1.Райадминистрация | | 63 453 888,00 | 13 583 309,00 | 11 210 899,00 | -49 870 579,00 | 21,4% | 2 372 410,00 |
| 2.Контрольно-счетная палата | | 1 025 000 | 366 838 | 351 927 | -658 162 | 35,8% | 14 911 |
| 3. Собрание депутатов муниципального района | | 712 000 | 85 464 | 57 835 | -626 536 | 12,0% | 27 629 |
| 4. Управление финансов | | 4 638 000 | 1 277 314 | 1 265 575 | -3 360 686 | 27,5% | 11 739 |
| 5. МКУ «Служба ЖКХ администрации МО «Унцукульский район» | | 6 723 000 | 1 032 005 | 1 032 005 | -5 690 995 | 15,4% | 0 |
| 6. МКУ «Служба земельно-кадастровых и имущ. отношений» | | 1 063 000 | 205 712 | 0 | -857 288 | 19,4% | 205 712 |
| 7. МКУ «Отдел по подготовке зоны водохран. Ирганайской ГЭС» | | 1 273 000 | 319 509 | 319 386 | -953 491 | 25,1% | 123 |
| 8. Отдел субсидий | | 328 000 | 328 000 | 328 000 | 0 | 100% | 0 |
| 9. Управление образования | | 4 649 665 | 838 016 | 838 016 | -3 811 649 | 18,0% | 0 |
| 10. МКДОУ №1 «Ромашка» с. Унцукуль: | | 14 466 742 | 3 055 687 | 2 892 879 | -11 411 055 | 21,1% | 162 808 |
| 11. МКДОУ №2 «Ласточка» с. Унцукуль: | | 15 317 512 | 3 233 713 | 3 233 713 | -12 083 799 | 21,1% | 0 |
| 12. МКДОУ №3 «Фиалка» с. Ирганай: | | 8 367 159 | 1 634 295 | 1 634 295 | -6 732 864 | 19,5% | 0 |
| 13. МКДОУ №4 «Теремок» с. Гимры: | | 12 893 464 | 1 970 538 | 1 970 538 | -10 922 926 | 15,3% | 0 |
| 14. МКДОУ №5 «Соколенок» с. Майданск: | | 7 427 995 | 1 279 878 | 1 247 538 | -6 148 117 | 17,2% | 32 340 |
| 15. МКДОУ №6 «Звездочка» с. Балахани: | | 5 747 987 | 688 126 | 335 699 | -5 059 861 | 12,0% | 352 427 |
| 16. МКДОУ №7 «Улыбка» с. Аракани: | | 3 805 757 | 797 322 | 797 322 | -3 008 435 | 21,0% | 0 |
| 17. МКДОУ №8 «Солнышко» п. Шамилькала: | | 10 274 990 | 1 987 453 | 1 987 453 | -8 287 537 | 19,3% | 0 |
| 18. МКДОУ №9 «Сказка» п. Шамилькала: | | 18 419 213 | 3 739 483 | 3 739 483 | -14 679 730 | 20,3% | 0 |
| 19. МКДОУ №10 «Снежинка» с. Кахабросо: | | 4 084 570 | 790 206 | 737 822 | -3 294 364 | 19,3% | 52 384 |
| 20. МКДОУ №11 «Сосна» с. Ашильта: | | 6 154 383 | 1 268 706 | 1 268 706 | -4 885 677 | 20,6% | 0 |
| 21. МКДОУ №12 «Чебурашка» с.Цатаних: | | 3 295 604 | 709 282 | 376 930 | -2 586 322 | 21,5% | 332 352 |
| 22. МКДОУ №13 «Колобок» пос. Гимры: | | 3 643 124 | 597 842 | 593 810 | -3 045 282 | 16,4% | 4 032 |
| 23. МКОУ «УСОШ №1» с. Унцукуль | | 25 627 776 | 6 606 308 | 6 606 308 | -19 021 468 | 25,8% | 0 |
| 24. МКОУ «УСОШ №2» с. Унцукуль | | 28 696 492 | 7 161 997 | 5 142 940 | -21 534 495 | 25,0% | 2 019 057 |
| 25. МКОУ «МСОШ « с. Майданск | | 24 005 435 | 6 501 618 | 6 110 404 | -17 503 817 | 27,1% | 391 214 |
| 26. МКОУ «АСОШ « с. Ашильта | | 16 951 426 | 4 562 262 | 4 562 261 | -12 389 164 | 26,9% | 1 |
| 27. МКОУ «КСОШ « с. Кахабросо | | 12 842 934 | 3 529 306 | 3 529 306 | -9 313 628 | 27,5% | 0 |
| 28. МКОУ «БСОШ « с. Балахани | | 23 974 544 | 6 580 195 | 6 497 902 | -17 394 349 | 27,4% | 82 293 |
| 29. МКОУ «ГСОШ « с. Гимры | | 33 198 075 | 8 573 070 | 8 573 070 | -24 625 005 | 25,8% | 0 |
| 30. МКОУ «ЦСОШ « с. Цатаних | | 13 305 495 | 3 678 474 | 2 642 221 | -9 627 021 | 27,6% | 1 036 253 |
| 31. МКОУ «ИСОШ « с. Ирганай | | 25 040 321 | 6 468 228 | 6 444 228 | -18 572 093 | 25,8% | 24 000 |
| 32. МКОУ «АСОШ « с. Аракани | | 12 824 552 | 3 547 304 | 3 474 930 | -9 277 248 | 27,7% | 72 374 |
| 33. МКОУ «ГПСОШ « п. Гимры | | 11 163 145 | 3 116 841 | 3 116 841 | -8 046 304 | 27,9% | 0 |
| 34. МКОУ «ШСОШ « п. Шамилькала | | 52 501 965 | 13 656 766 | 13 656 766 | -38 845 199 | 26,0% | 0 |
| 35. МКОУ «ХООШ « с. Харачи | | 4 983 165 | 1 297 176 | 654 866 | -3 685 989 | 26,0% | 642 310 |
| 36. МКОУ «МООШ « с. Моксох | | 6 587 815 | 1 816 153 | 1 310 739 | -4 771 662 | 27,6% | 505 414 |
| 37. МКОУ «ИООШ « с. Иштибури | | 7 195 060 | 1 989 814 | 1 989 814 | -5 205 246 | 27,7% | 0 |
| 38. РЦДОД с.Унцукуль | | 7 777 800 | 1 772 055 | 1 648 929 | -6 005 745 | 22,8% | 123 126 |
| 39. ДДТ с.Гимры | | 3 012 800 | 690 652 | 690 652 | -2 322 148 | 22,9% | 0 |
| 40. ДДТ п.Шамилькала | | 3 483 800 | 804 100 | 804 100 | -2 679 700 | 23,1% | 0 |

**(Продолжение таблицы на 4 странице)**

# ИСПОЛНЕНИЕ
## консолидированного бюджета МО «Унцукульский район» за 1 квартал 2016 года

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 41. ДЮСШ с. Унцукуль | 4 278 200 | 953 634 | 953 535 | -3 324 566 | 22,3% | 99 |
| 42. ДЮСШ с. Гимры | 5 001 910 | 1 151 612 | 1 125 432 | -3 850 298 | 23,0% | 26 180 |
| 43. ДЮСШ с. Балахани | 5 621 345 | 1 280 644 | 1 280 644 | -4 340 701 | 22,8% | 0 |
| 44. ЦДТ п. Шамилькала | 6 910 600 | 1 608 000 | 1 608 000 | -5 302 600 | 23,3% | 0 |
| 45. Школа искусств | 4 807 900 | 1 073 270 | 1 073 270 | -3 734 630 | 22,3% | 0 |
| 46. СЮТ с. Унцукуль | 5 996 480 | 1 326 129 | 1 326 129 | -4 670 351 | 22,1% | 0 |
| 47. Управление культуры | 21 756 000 | 6 497 510 | 6 497 510 | -15 258 490 | 29,9% | 0 |
| 48. Поселения всего: | 42 003 000,00 | 9 063 996,97 | 8 914 547,66 | -32 939 003,03 | 21,6% | 149 449 |
| - МО «Село Ашильта» | 2 261 000 | 487 225 | 487 225 | -1 773 775 | 21,5% | 0 |
| - МО «Село Гимры» | 4 252 000 | 871 000 | 800 948 | -3 381 000 | 20,5% | 70 052 |
| - МО «Село Ирганай» | 2 840 000 | 571 000 | 571 000 | -2 269 000 | 20,1% | 0 |
| - МО «Село Харачи» | 1 380 000 | 315 000 | 315 000 | -1 065 000 | 22,8% | 0 |
| - МО «Село Цатаних» | 2 415 000 | 550 619 | 541 909 | -1 864 381 | 22,8% | 8 710 |
| - МО «Сельсовет Араканский» | 2 634 000 | 523 300 | 523 300 | -2 110 700 | 19,9% | 0 |
| - МО «Сельсовет Балаханский» | 3 287 000 | 702 000 | 702 000 | -2 585 000 | 21,4% | 0 |
| - МО «Сельсовет Иштибуринский» | 2 339 000 | 524 901 | 524 818 | -1 814 099 | 22,4% | 83 |
| - МО «Сельсовет Кахабросинский» | 2 033 000 | 447 627 | 445 818 | -1 585 373 | 22,0% | 1 809 |
| - МО «Сельсовет Майданский» | 2 767 000 | 608 471 | 603 151 | -2 158 529 | 22,0% | 5 320 |
| - МО «Сельсовет Унцукульский» | 8 140 000 | 1 782 012 | 1 780 874 | -6 357 988 | 21,9% | 1 138 |
| - МО «Поселок Шамилькала» | 7 655 000 | 1 680 842 | 1 618 505 | -5 974 158 | 22,0% | 62 337 |
| **II.ИСТОЧНИКИ ФИНАНСИРОВАНИЯ ДЕФИЦИТА БЮДЖЕТА (Остаток на конец 2015 года)** | 13 530 139,53 | 13 522 084,99 | 13 511 978,35 | -8 054,5 | 99,9% | 10 106,64 |
| *в том числе:* | | | | | | |
| а) Расходы за счет переходящего остатка района | 13 195 775,67 | 13 195 775,67 | 13 185 669,03 | 0,0 | 100,0% | 10 106,64 |
| в) Расходы за счет переходящего остатка поселений | 334 363,86 | 326 309,32 | 326 309,32 | -8 054,54 | 97,6% | 0,00 |
| *ВСЕГО РАСХОДЫ (I+II)* | 620 842 227,53 | 158 617 897,96 | 149 967 153,87 | -462 224 329,6 | 25,5% | 8 818 918,09 |

Повторное объявление

# Выйди из очереди!

В рамках реализации Федерального закона от 27 июля 2010 года № 210-ФЗ «Об организации предоставления государственных и муниципальных услуг" МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан (дислокация г. Буйнакск) оказывает следующие государственные услуги: прием квалификационных экзаменов на получение права на управление автомототранспортными средствами и выдача водительских удостоверений; регистрация автомототранспортных средств и прицепов к ним;

Во избежание очередей и экономии времени МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан (дислокация г. Буйнакск) предлагает обращаться для получения соответствующей услуги через портал государственных услуг www.gosuslugi.ru. Использование данного Интернет-портала позволяет гражданину упростить порядок обращения в государственные органы, в частности в МРЭО ГИБДД. Для этого необходимо сначала зарегистрироваться на сайте, указав при этом личные данные, в том числе серию и номер паспорта, ИНН и т.д. Вся указываемая информация сверяется с базами данных соответствующих ведомств. После регистрации, в течение 2 – 3 недель, на указанный домашний адрес будет выслано письмо, содержащее специальный код, введение которого подтвердит подлинность предоставленных персональных данных. Пройдя такую регистрацию (следует сделать это заранее), можно пользоваться порталом. Так же для упрощения порядка регистрации на портале государственных услуг возможно обратиться в Многофункциональный центр предоставления государственных услуг (МФЦ). Все дальнейшие действия осуществляются через «Личный кабинет». В нём Вы выбираете вид нужной Вам государственной услуги (регистрация транспорта, выдача/обмен водительского удостоверения), заполняете предложенную форму, указываете свой контактный телефон.После рассмотрения Вашего заявления о предоставлении государственной услуги, Вы будете уведомлены о времени и дате приема документов. При обработке документов, представленных в электронном виде, сотрудник обязан направить заявителю соответствующее уведомление. В случае неявки заявителя в установленное время, срок его ожидания составляет не более 30 минут, по истечении которых прием и оформление документов осуществляется в общем порядке.

В целях совершенствования работы регистрационно-экзаменационных подразделений, в ближайшее время в МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан (дислокация г. Буйнакск) будет установлена система управления электронной очередью.

**Коллектив МРЭО ГИБДД МВД по Республике Дагестан (дислокация г. Буйнакск)**

Спорт

# Волейболалъул турнир




КIудияб бергьенлъиялъ 7I сон тIубаялъул хIурматалда ва росуцояв МухIамад ГIабдулатIиповасул призалъе гIоло 7-8 маялъул къояз Унсоколо районалъул Балахьуни росдал спорткомплексалда тIоритIана районалъул росабазул волейбол хIалезул къецал. Турниралда гIахьаллъи гьабурал анцIила кIиго командабазда гьоркьоб, хIалуцарал къецаздаса хадуб, тIоцебесеб бакIалде бачIана Балахьуни росдал команда (кап. Р. Тажбудинов), кIиабилеб ва лъабабилел бакIал щвана гендерил (кап. Ш. ГъазимухIамадов) ва цIетIендерил (кап. Ш. МухIамадханов) спортсменазе. Бергьарал командабазе 20000, I5000, I0000 гъ. гIарцулал сайгъатал ва райспорткомитеталъул рахъалдасан ХIурматалъул грамотаби кьуна. Къецазда лъикIаб хIай бихьизабуна Майданское ва Рихьуни росабазул спортсменазги. Турниралъул кIиабилеб къоялъ финалиял къецазухъ балагьизе вачIун вукIарав райадминистрациялъул бетIер ГIиса НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна къецал тIадегIанаб даражаялда гIуцIаразе ва спортсменазе. «Гьадинал тадбираз кверба къула росабазда гьоркьоб гьудуллъи жегиги щулалъизабиялъе, гIолилал чорхолъ ритIараллъун лъугьиналъе ва квещабщиналдаса гIун бачIунеб гIел рикIкIалъиялъе. Баркула нужеда ва нуж гьоркьор ккун районалъул киналго гIадамазда КIудияб Бергьенлъиялъ 7I сон тIубаялъул байрам»,- ян лъугIизабуна бетIерас жиндирго кIалъай. Турнир тIобитIиялъе гIарцулаб кумек гьабуна райадминистрациялъ, росдал администрациялъ, «Зирани» совхозалъул директор М-ГI. МухIамадовас, Давуд Муршидовас ва цогидазги. Аллагьас гьезул садакъа къабулаблъун гьабун батаги!

*МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ.*

**Сураталда:** бергьенлъи босараб команда

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 12. 05. 16 г. 18. 10
фактически -19. 10 мин.

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1400 экз.